



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 17
KONTE PALM BEACH COVID-19
ADOPSYON DEKRÈ EGZEKITIF ETA A PA RANVWA EPI
RANFÒSMAN DEKRÈ DIJANS YO NAN KONTE A**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè DeSantis te deklare yon Ijans Sante Piblik akòz COVID-19; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 11 mas 2020, Òganizasyon Mondyal Lasante te deklare pwopagasyon COVID-19 la se yon pandemi global; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, Prezidan Trump te deklare yon ijans nasyonal konsènan COVID-19; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 20 mas 2020, Gouvènè DeSantis te pibliye Dekrè Egzekitif 20-70, ki te fèmen plizyè etablisman nan Konte Palm Beach epi bay Administratè Konte a pouvwa pou ranfòse, relache, modifye oswa retire fèmti sa yo, jan sa yo jistifye; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020, Gouvènè DeSantis, te pibliye tou Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, nan dat 26 mas 2020, Administratè Konte a, dapre pouvwa jesyon dijans li nan kad lwa ak òdonans lokal la, te pibliye yon dekrè dijans ki mande fèmte tout biznis ki pa esansyèl nan Konte Palm Beach, ki sijè ak kèk kondisyon ak limit, jan sa amande annapre a; epi

KONSIDERAN, nan dat 27 avril 2020, nan kad yon efò kowòdone avèk minisipalite lokal yo ak konte vwazen yo, Administratè Konte a re-ouvri kèk pak, teren gòlf, ak lòt etablisman rekreyatif nan Konte Palm Beach konfòmman ak direktiv yo nan Òdonans Dijans 2020-005 Konte Palm Beach lan, jan amande annapre a; epi

KONSIDERAN, Gouvènè DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach rete nan Faz 1 konsènan aktivite biznis ki an akò ak Dekrè Egzekitif 20-123 ak Dekrè Egzekitif 20-139 ke Gouvènè DeSantis te pibliye nan dat 3 jen 2020. Pami lòt bagay, restriksyon yo nan Faz 1 an pèmèt gen plas pa anndan nan restoran yo nan 50% kapasite avèk repatisyon apwopriye anplas ant pati yo. Plas pa deyò yo ak sèvis pou anpòte yo otorize; sepandan, kontwa ba yo rete fèm pou chèn, epi manje nan ba nan restoran yo pa otorize. Ba ak klèb de nwi yo rete fèm nan Konte Palm Beach; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ka pozitif pou COVID-19 nan fen mwa me, jen ak jiyè, ki gen ladan anpil kantite ka ki nan kategori laj adolesan ak jèn granmoun. Plis pase 33,000 ka pozitif te rapòte nan fen mwa jiyè. Itilizasyon kabann lopital ki gen ladan itilizasyon kabann ICU (Inite Swen Entansif), te ogmante tou pandan menm peryòd la akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 14 jiyè 2020, konsidere sa anvan yo, Konsèy Manm Komisyon Konte Palm Beach la te mande Administratè Konte a pou anile demann Konte a bay Gouvènè Ron DeSantis pou Konte Palm Beach pou antre nan Faz 2: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid; epi

KONSIDERAN, pou reponn ak gwo ogmantasyon sa yo nan ka pozitif COVID-19 yo ak pou plis sansibilize piblik la sou mezi sekirite ak sanite ki nesese pou pwoteje sante piblik la, Administratè Konte a te mande mete pwoteksyon figi nan tout biznis, etablisman ak nan espas piblik epi egzije etablisman vant an detay ak restoran yo pou mete afich ki gen enfòmasyon sou pwòpte, distans sosyal ak egzijans pwoteksyon figi yo. Administratè Konte a te mete restriksyon tou sou lè operasyon restoran ak lòt etablisman kote moun yo ka rasanble; epi

KONSIDERAN, se te detèmine ke edikasyon, konfòmite ak aplikasyon lalwa se eleman enpòtan nan estrateji konfinman Eta ak Konte a kont COVID-19.

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA, dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 ak 9-37 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis la nan Dekrè Egzekitif 20-52, pa Chapit 252, Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Konte, Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach, ak jan lalwa pèmèt sa, mwen òdone isit la konsa :

1. **Adopsyon pa Ranvwa Dekrè Egzekitif yo nan Eta a.**

Nenpòt ak tout dekrè egzekitif Eta Florid pibliye ki gen rapò ak COVID-19 anvan oswa apre dat anvigè Òdonans sa a, ki aplikab pou Konte Palm Beach (“Òdonans Eta”), ki gen ladan, men pa limite ak, Dekrè Egzekitif 2020-70 Eta Florid (Jesyon Dijans - COVID-19 - Fèmte Konte Broward ak Palm Beach); Dekrè Egzekitif 2020-89 Eta Florid (Jesyon Dijans - COVID-19 - Restriksyon ak Aksè Piblik pou Konte Miami-Dade, Konte Broward, Konte Palm Beach, Konte Monroe); Dekrè Egzekitif 2020-91 Eta Florid (Sèvis ak Aktivite Esansyèl Pandan Ijans COVID-19); Dekrè Egzekitif 2020-112 Eta Florid (Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap, Pou Retablisman Florid); Dekrè Egzekitif 2020-120 Eta Florid (Etann Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap, Pou Retablisman Florid); Dekrè Egzekitif 2020-123 Eta Florid (Tout Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap, Plan pou Retablisman Florid); ak Dekrè Egzekitif 2020-131 Eta Florid (Etann Tout Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap, Plan pou Retablisman Florid) adopte isit la pa ranvwa tankou si Òdonans Eta a te yon òdonans dijans Konte Palm Beach te pibliye epi ka ranfòse tankou sa.

2. **Fèmte Etablisman pou Non Respè Òdonans Dijans yo.** Anplis ka genyen lòt sanksyon ki etabli nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte a, ak sanksyon yo ke lalwa otorize, nenpòt etablisman, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt biznis lokal biznis komèsyal, plas aranjman piblik, oswa nenpòt lòt lokal fizik (“Etablisman Komèsyal”), ki fonksyone nan yon fason ki pa koyeran oswa ki vyole dekrè diijans Konte Palm Beach oswa nenpòt òdonans Eta ka resevwa lòd pou fèmen imedyatman. Si yon Etablisman Komèsyal pa te janm otorize pou ouvri dabò, kidonk, li dwe rete fèmen jiskaske li resevwa otorizasyon pou ouvri dapre òdonans ki apwopriye a. Si yon Etablisman Komèsyal jeneralman otorize pou ouvri dapre òdonans dijans ki aplikab yo, men te jwenn lòd pou fèmen akòz l ap fonksyone nan yon fason ki pa koyeran oswa ki vyole òdonans aplikab yo, lè sa a, Etablisman Komèsyal sa a ka re-ouvri sèlman apre: (1) yon minimòm vennkat (24) èdtan kote etablisman an dwe reyalize yon revizyon konplè sou òdonans dijans ki aplikab nan Konte a, ki gen ladan, men pa limite ak, Òdonans Dijans 2020-012 ak 2020-015, jan sa amande ak

pwolonje, ak tout sa ki nan anèks yo ki aplikab, ak pran tout mezi nesès pou mete etablisman yo nan konfòmite ak kondisyon òdonans dijans sa yo; epi (2) soumèt yon atestasyon ki byen siyen sou pèn fo temwayaj pwopriyete a, manadjè jeneral oswa direktè jeneral etablisman an, nan fòm ki nan anèks la, bay Konte a atravè imèl pou ComplianceReopening@pbcgov.org, ki ateste ke revizyon an te fèt epi mezi ki egzije yo te pran, ak resepsyon konfimasyon alekri Konte a pou yon fòm atestasyon valid ki siyen. Anplis de sa, Etablisman Komèsyal la dwe, nan senk (5) jou sivil apre re-ouvèti a, soumèt ak enspeksyon ak resevwa enspeksyon nan men pèsònèl aplikasyon lalwa ki otorize pou konfime vyolasyon an te korije.

3. **Sanksyon Sivil pou Moun ak Etablisman dèske yo Pa Respekte Òdonans Dijans yo.** Anplis de nenpòt mekanis pou fè aplike lalwa ki etabli nan Òdonans sa a, Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte a, oswa jan lalwa otorize sa, nenpòt moun oswa Etablisman Komèsyal ki fonksyone nan yon fason ki pa koyeran oswa ki vyole òdonans dijans Konte Palm Beach oswa nenpòt Òdonans Eta, ka pibliye yon pwosè sivil konsa:

- a. Dapre Seksyon 9-37(c) Kòd Òdonans Konte a, pèsònèl pou fè aplike lalwa ki otorize ki gen rezon pou kwè yon moun, nan kapasite endividyèl li, te komèt yon zak ki vyole yon òdonans dijans, Òdonans Eta a, oswa ki vyole Atik II Chapit 9 Kòd Òdonans Konte a, ap jwenn amann vennsenk dola (\$25) pou premye vyolasyon an, senkant dola (\$50) pou dezyèm vyolasyon an, ak san dola (\$100) pou chak vyolasyon anplis. Etablisman Komèsyal yo ap jwenn amann de san senkant dola (\$250) pou premye vyolasyon an, twa san senkant dola (\$350) pou dezyèm vyolasyon an, ak senk san dola (\$500) pou chak vyolasyon anplis.
- b. Anplis de pwosè sivil ki dekri nan Seksyon 3(a), dapre Seksyon 9-37(d) Kòd Òdonans Konte a, vyolasyon nenpòt òdonans dijans, Òdonans Eta, oswa nenpòt vyolasyon Atik II Chapit 9 Kòd Òdonans Konte a, ka ranfòse tou dapre pwosedi nan F.S. Ch. 162, Lwa sou Konsèy pou Fè Aplike Kòd Kolektivite Lokal, ak Atik 10 Kòd Devlopman Teritoryal Inifye Konte Palm Beach. Dapre Lwa § 162.09(2)(d), Fla., Yon konsèy pou fè aplike lalwa oswa Konseye Espesyal Konte Palm Beach ka enpoze amann ki pa dwe depase \$1,000 pa jou pou chak vyolasyon pou yon premye vyolasyon, \$5,000 pa jou pou chak vyolasyon pou yon vyolasyon ki repete, ak jiska \$15,000 pou chak vyolasyon si konsèy pou fè aplike kòd oswa Konseye Espesyal Konte Palm Beach jwenn vyolasyon an pa ka repare oswa pa revèsib nan nati li.

4. **Sanksyon Kriminèl pou Non Respè Òdonans Dijans yo.** Konfòmman ak otorite ki bay nan Seksyon 252.46 ak 252.47, Lwa Florid yo, Cherif Konte Palm Beach ak lòt otorite pou fè aplike lalwa nan Eta a, ak sou-divizyon politik sa a, dwe ranfòse òdonans ak règ ki te pibliye konfòmman ak Seksyon 252.31 rive 252.90, Lwa Florid yo. Nenpòt moun ki vyole nenpòt dispozisyon nan Seksyon 252.31 rive 252.90, Lwa Florid yo, oswa nenpòt règ oswa òdonans ki fèt dapre otorite ki bay nan Seksyon 252.31 rive 252.90, Lwa Florid yo, koupab yon krim dezyèm degre, ki ka pini jan sa mansyone nan Seksyon 775.082 oswa 775.083, Lwa Florid yo.
5. **Lòt Mekanis Aplikasyon Lalwa ke lalwa otorize.** Anyen isit la pa dwe limite okenn lòt mekanis aplikasyon lalwa ke lalwa otorize.

Chak ensidan yon vyolasyon kontinyèl anba Seksyon 2 rive 5 dwe jije kòm yon vyolasyon anplis apa.

6. **Dispozisyon pou Aplikasyon Lalwa ki Gen Konfli nan Òdonans Anvan ki Ranplase yo.** Nou prevwa ke dispozisyon sou aplikasyon lalwa ki anvan yo nan Òdonans sa a reji vyolasyon nenpòt òdonans dijans anvan ak oswa apre dat Òdonans sa a. Nan mezi nenpòt òdonans dijans anvan gen dispozisyon ki pa koyeran ak Òdonans sa a, li ranplase poutèt enkoyerans sa yo.
 7. **Aplikabilite; Separabilite.** Òdonans sa a ranplase nenpòt dispozisyon kontrè nan nenpòt òdonans dijans anvan. Sof si yo ranplase, tout òdonans dijans yo rete anvigè. Òdonans sa a aplike nan zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach, men pa gen okenn aplikasyon andeyò Konte Palm Beach. Dispozisyon Òdonans sa a dwe sèvi tankou estanda minimòm, ak minisipalite yo nan Konte Palm Beach ka etabli estanda ki pi rijid nan jiridiksyon yo, nan mezi lalwa pèmèt sa a. Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki (i) gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa (ii) konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, sèlman nan mezi dekrè egzekitif sa a (a) prevwa byen klè kontni Òdonans sa a oswa (b) enpoze fèmti ki pi rijid ke sa ki etabli nan dokiman sa a, dwe jije inaplikab ak jije separe de Òdonans sa a, kote rès Òdonans sa a rete entak ak anvigè. Si nenpòt seksyon, paragraf, fraz, atik, enonse oswa mo Òdonans sa a pou nenpòt rezon yon tribinal reyalize ki pa konstitisyonèl, inoperan, oswa vid, reyinyon sa a p ap afekte rès Òdonans sa a. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a.

8. **Dat li Anvigè; Dire.** Òdonans sa a anvigè nan 12:01 a.m. nan samdi 8 out 2020. Òdonans sa ap ekspire lè Eta Dijans Lokal la ekspire, piske lòt òdonans oswa deklarasyon ka pwolonje li, amwenske lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyon Konte a mete fen ladan anvan sa.

KONTE PALM BEACH

Pa: [Siyati]
Administratè Konte

__7 out 2020__
Dat

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JIRIDIK**

Pa: [Siyati]
Pwokirè Konte

Atestasyon Konfòmite avèk Direktiv sou Re-ouvèti Konte Palm Beach

1. Mwen se _____ [PÒS] _____ [NON]

ETABLISMAN], ki sitiye nan

[ADRÈS], epi afime sou pèn fo temwayaj ke mwen te revize tout òdonans Konte Palm Beach yo, ki gen ladan, men pa limite ak, Òdonans Dijans 2020-012 ak 2020-015 jan sa amande ak pwolonje, ak tout anèks ki aplikab yo, ki te devlope ak pwomilge pou limite pwopagasyon COVID-19 ak pou pèmèt kèk etablisman fonksyone san danje pandan pandemi global sa a.

2. Mwen konprann etablisman ki mansyone anwo a ka fonksyone sèlman nan konfòmite ak òdonans dijans ki mansyone anvan yo.

3. Mwen afime ke etablisman ki mansyone anwo a te pran tout mezi nesèsè pou respekte òdonans dijans ki mansyone anvan yo.

4. Mwen konprann ke vyolasyon alavni nenpòt òdonans dijans Konte Palm Beach ta ka lakòz fèmti, amann, ak menm anprizònman anplis konfòmeman ak Seksyon 9-35 ak 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach ak jan lalwa otorize sa a.

5. Mwen rekonèt ke etablisman ki mansyone anwo a sijè ak enspeksyon pèsònèl pou fè aplike lalwa ki otorize, jan lalwa otorize sa, ki gen ladan, men pa limite ak, dapre kondisyon Òdonans Dijans 2020-017 Konte Palm Beach lan.

Sou pèn sanksyon pou fo temwayaj, mwen deklare ke Atestasyon an ak enfòmasyon ki mansyone yo se laverite.

Siyati pwopriyetè oswa lòt ajan otorize

Dat